# НУР

ISSN 0207-6551

6+

12
2021



# "НУРЫМ" И ХЪУЭХЪУ



Нур цIыкIухэ! Иджыпсту фIыгъ журналым тетщ ди цIыху цIэрыIуэ куэдым мы гъэм юбилей зэраIар. Абыхэм я унэкъуэщ цIыкIухэм зывгъэщIэгъуэну, адрейхэри фадэплъеину дыхуейщ. Фэри цIэрыIуэ фыхъунущ! Узым фи гур къимыуIэу, фи щIэныгъэм фыщIэрыIэу, гугъэу фиIэр дахэ зашIэу, фи Iэм къихъуэр фIыгъуэ зашIэу тхьэм фигъэпсэу!

**Аброкъуэ Беллэ,** редактор нэхъыщхьэ



Гушхуагъэр, дэрэжэгъуэр фи куэду, дахагъэу зыхэфщIэр фи уэрэду, щIэныгъэу щыIэр ффIэтелъыджэу, фыдихьэхарэ ерыщу феджэу, фыкъызыхэкIа фи лъэпкъыр фщIэжу, адыгэ хабзэр зефхьэу, фхъумэжу, адыгагъэ-цIыхугъэр фи напэу, дади нани я жыIэр фи гуапэу, фи анэдэлъхубзэр дахэу, къабзэу, уэрэдым хуэдэу гуакIуэу бзэрабзэу, жыIэгъуэ къэси и зэщIэжыыуэм бзу нэгъунэ дихьэхыу дежьууэ, нобэ фызытехьэ Илъэсыщ1эм пкъыкIи псэкIи фышыузыншэну сыфхуохъуахъуэ!

**Хьэту Пётр,** редактор



«Нурым» и еджакIуэ цIыкIухэ, иджыпсту уз бзаджэм зэщIиштауэ зэманыр гугъу хъуами, зэи хуэмыдэжу къыфхузэIухащ дунейр. ХъуапсапIэ нэхъ дахэ дыдэхэр фщIырэ ахэр зэвгъэхъулIэжыфу фыпсэуну сыфхуохъуахъуэ!

**Хьэлилэ Миланэ,** сурэтыщI



«Нурым» и еджакIуэ цIыкIухэ! Ди къэралми дуней псоми шрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм фыщытекIуэу, фи дамыгъэхэр журналым къытеддзэу, дэнэ фыкIуэми фи адыгэ гъэсэныгъэр вгъэлъагъуэу, дэри фэркIэ дыгушхуэу илъэсыщIэр етхьэкIыну сохъуахъуэ!

**Къашыргъэ Фатимэ**



«Нурым» и ныбжьэгъу цIыкIухэм сывохъуэхъу илъэсыщIэ къихьэм фи мурадхэр псори къывдэхъуну, насыпымрэ гуфIэгъуэмрэ фи дамэгъуу фыпсэуну! Узыншагъэ фиIэу, фи унагъуэхэм зэгурыIуэныгъэ илъу сыт щыгъуи щытыну! Илъэсыщ1э угъурлы тхьэм фытригъэхьэ!

**Къамбот Марианнэ,** *корректор*



Мы дызытехьэ Илъэсыщ1эм дэтхэнэ зыми сывэхъуэхъуну сыхуейщ: фыгурыхуэу, фи мыIуэху зевмыхуэу, нэхъыжьхэр вгъэлъапIэу, фи адэ-анэхэм федаIуэу, нэмысыр фи гъусэу, гъащIэ дахэм и IэфIагъыр зыхэфщIэу, фыузыншэу Илъэсыщ1э куэд къивгъэхьэну!

**Расторгуевэ-Пщынокъуэ Нусэ,**
*журналыр компьютерым изылъхьэ*

# АДЫГЭМ ХЪУЭХЪУР ФІЭФІЩ

*Нобэ дэ куэдрэ къыдогъэсэбэп «Спасибэ», «берычэт бесын» псалъэхэр. Ахэр адыгэбзэкъым. ФІыщІэ зэрытщІын псалъэ ди бзэм имыІэу ара хамэбзэхэр къыщІэдгъэсэбэпыр? Ауэ сытми диІэ! Адыгэм фІыщІэри хъуэхъури тфІэфІыпсщи икІи ди сэламыхри хъуэхъу зашІэу зэхэлъщ. Мис шапхъэ:*

*– Дауэ ущыт?*

*– Тхьэр фІыкІэ къыпщІэупщІэ.*

*– Сыт ухуэдэ?*

*– Тхьэм уигъэузыншэ, хъун хуэдэщ.*

## Илъэсыщlэ шыгъынышlэм

*Шыгъынышlэм урысым хужиІэр сыт? «Носи на здоровье». Аркъудейщ. Адыгэм-щэ? Мис шапхъэ:*

- ФІыкІэ у(гъэ)лажьэ, нэхъыфІыжкІэ щыухыж (зуухъуэкІ).
- ФІытегъуатэ ухъу.
- Узыншэ щыгъын у(пху)хъу.
- УасафІэ (угъурлы) ухъу.
- ФІыкІэ зыухьэ.
- ЩІалэм: къриушэ; пщащэм: ураушэ; зыдам: бэрэуд.

## Илъэсыщlэ тыгъэ къыдатамэ къыпыдошэ:

- И хьер улъагъу.
- УтеуныкІ.
- ГуфІэгъуэкІэ тхьэм къыуигъащтэ.

## ЗыфІэкІуэдаІам:

- Тхьэм уи насып химыхкІэ.
- Тхьэм къыпхилъхьэж.
- Тхьэм къыуитыж.

## Къигъуэтыжынкlэ шымыгугъмэ:

- Уи щхьэм и щхьэузыхьщ.
- Е гуэр пщхьэщихауэ тхьэм къыщІигъэкІ.
- И лъэужыр махуэ пхухъу.

*Къыпыфщэ. Мыхэр шапхъэу аркъудейщ. Адыгэр зэрымыщІэкІэ къыплъэІусами хъуэхъуэнущ: «Си Іэ фІыкІэ нуІусэ», – жиІэу. Шэнхабзэ лъагэ зэрыдиІэм и нэшэнэщ ар.*

**Нур Гуашэ**

# Псей цӀыкӀур мэзым къыщыхъуащ

***ЗэзыдзэкӀам къыбгъэдэкӀыу:***

*«Бзэ куэдкӀэ ягъэӀу мы уэрэдым сэри сехъуапсэри адыгэбзэкӀэ зэздзэкӀащ, абы къефэкӀ ди нану цӀыкӀухэр си нэгу фыщӀэту.*

*Ар зыуса **КЪУДАЩ Рае** егъэджакӀуэт. Абы и «Псей» усэр «Малюткэ» журналым къытехуат 1903 гъэм. Абы макъамэ щӀалъхьэу ар уэрэд цӀэрыӀуи хъужыну Рае и пщӀыхьэпӀи къимыхьу, 1921 гъэм радиокӀэ къэӀуу зэхихащ! Абы лъандэрэ илъэсищэ дэкӀащ! Иджы псей цӀыкӀухэри куэдым ираупщӀэкъым, хуосакъ. А жыг дахэхэм я бжыгъэр мащӀэ хъуащ. Псей къащхъуэ лӀэужьыгъуэр нэхъ дахэжщ икӀи мы ди къэралым ар щызыгъэкӀыу щыӀэр адыгэм ди закъуэщ! Абы сытым хуэдэу дригушхуэрэ! СыволъэӀу: «КхъыӀэ, ди щӀыналъэр зыгъэдахэ псейхэр дэри дывгъэхъумэ! Къэдмыщэхумэ – ираупщӀэн? Фи пщӀантӀэ, фи уэрамхэм къыщыкӀхэр вгъэдахэ, унэм къудамэ е псей Ӏэрыщӏ щывблэ.*

*Мы уэрэдыр псейм и дамыгъэу къытхуренэ!*

***АБРОКЪУЭ Беллэ***

Псей цӀыкӀур мэзым къыщалъхуащ,
Ар мэзым къыщыхъуащ.
Гъэмахуэми щӀымахуэми
НэкӀу щхъуантӀэу ар хэхъуащ.

Борэныр зэщӀэфиеурэ
Къоубзэ: «Жей, си псей».
Борэным зэщӀиуфэурэ
Жыг цӀыкӀур егъэжей.

ТхьэкӀумэкӀыхьыр пкӀатэурэ
Псей лъабжьэм къыщежыхь.
Зэм ущу, зэми хьэмкӀэурэ
Дыгъужьми къеущыхь.

Шыlэжьэм и лъэрыжэри
Уэс щlыщlэм тоубыхь.
Шы жэрым и лъэкъыцэри
Уэс хужьым тоуджыхь.

А lэжьэм илъ пхъэ гулъэми
Къытесщ зы дадэ цlыкlу.
Къелъагъур псейр, къоувыlэри
Кърехыр джыдэ цlыкlу.

...А псейр иджы щlэращlэурэ
Махуэшхуэм къытхуашащ.
Сабийхэм ди гуфlэгъуэри
А дахэм къытхуихьащ.



Пс.: Къудащ Рае.

Макъ.: Бекман Леонид.



# ЦӀыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ

*Мы гъэм и иужьрей къыдэкӀыгъуэ журналым гулъытэ щахудощӀ 2021 гъэм юбилей зиӀа ди цӀыху цӀэрыӀуэхэм. Нэхъ пажэу диӀэхэм ящыщу уэрэджыӀакӀуищым ятеухуа тхыгъэ тхуигъэхьэзыращ ГУГЪУЭТ ЗАРЕМЭ: адыгэ уэрэдыжьхэм я тхьэмадэфӀ КЪУНЫЖЬ ХЬЭЖДАЛ (ИЛЪЭС 90); ди лъэпкъыцӀэр къэрал куэдым щызыгъэӀуа ТУТ ЗАУР (ИЛЪЭС 70); зыми емыщхь зи макъ дахэмкӀэ дыкъэзыгъафӀэ утыку гуащэ СОКЪУР ОЛЯ (ИЛЪЭС 60).*



## Къуныжьым и уэрэдыжьым лӀэщӀыгъуэхэр йожьу...

КъБР-м и цӀыхубэ артист, уэрэджыӀакӀуэ цӀэрыӀуэ ***Къуныжь Хьэждал*** уэрэд жыӀэным дезыгъэхьэхар и адэрт. ТӀатӀу (икӀи бжьамияпщэт) гум хыхьэу жиӀэ уэрэдыжьхэм Хьэждал едаӀуэрт, и гум ириубыдэрт, зыхэт и ныбжьэгъухэм уэрэд къыхадзами фӀэфӀу ядипхъуатэрт. Апхуэдэурэ макъ жьгъыру дахэ зэриӀэм гу къылъатащ. Къуныжьым япэу игъэзэщӀахэм ящыщщ «Андемыркъан и уэрэдыр». Ар макъамэм хуеджакъым, адэр и щапхъэурэ езыр-езыру псыхьа хъуащ, – цӀыхубэрщ къызыхэкӀар, аращ зигу къиджыкӀри. Арагъэнщ щӀыхужаӀэр: «Хьэждал и уэрэдыжьхэм уи нэпс къэрагъакӀуэ».

Къуныжьым мэкъумэш ӀэнатӀэрт къыпэплъэр, ауэ ... А зэманым щыӀа «Къэбэрдей» къэфакӀуэ-уэрэджыӀакӀуэ гупыр Нартан концерт щатыну кӀуауэ къэхъуащ: «Мыбы дахэу уэрэд жеӀэ», – жаӀэу, гупым я унафэщӀым бгъэдаша щӀалэщӀэм игъэзэщӀа «СыныпхуокӀуэж» уэрэдым псори зэригъэплъыжащ! Абы къагурыӀуащ макъамэм хуемыджа щӀалэр вагъуэщӀэ цӀууэ къызэрыунэхур. Хьэждал радиом, телевиденэм ирагъэблагъэ хъуащ, цӀыхубэр щӀэмычэу и уэрэдхэм къыщӀэлъэӀуу. Радиом и лэжьакӀуэхэм ноби жаӀэж абы хуэдэу цӀыхум ягу дыхьа, щӀэупщӀэ куэд зиӀэ уэрэджыӀакӀуэ димыӀэу. Щхьэусыгъуэр и макъ гурыхьыра, имышэщӀу къызэрыгуэкӀыу уэрэдыр «зэриӀуатэра», хьэмэрэ и макъым мэгъу къару щӀэбза?.. Дауэ хъуми, Къуныжь Хьэждал и вагъуэр лыдащ!



## «Си ӀэщӀагъэ – уагъэ гъуэгум Лъагъуэ гуэкӀми – псысэ хуэкӀуэщ!»

*(ХьэӀупэ ДжэбрэӀил Тут Заур хуитха усэм щыщщ)*

УФ-м щӀыхь зиӀэ и артист, КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм, Дагъыстэн республикэм я цӀыхубэ артист ***Тут Заур*** зымыцӀыху адыгэ щыӀэ?! Макъ телъыджэкӀэ тхьэр къыхуэупсащ! Ауэ а макъыр упсыхьын папщӀэ гупсысэ куу, псэ къабзагъэ, хэлъэт уиӀэн хуейкъэ? Заур а псори хэлъщ. Зи макъыр жыжьэ нэӀуса Тутым и сабиигъуэр Бахъсэнщ щыкӀуар.

Игу къигъэкIыжыращ: «Дэ Бахъсэныпсым пэмыжыжьэу дыпсэурт. Гъэмахуэ жэщкIэрэ, щхьэгъубжэ зэIудзам къыдэIукI псы кIуэр макъыр къызэIущащэ зэпытт. Абы щызэщIэжьыуэ адрей макъхэри зэхыхьэм – псысэ хъужурэ, си нэгу къыщIигъэхьэр дахагъэ защIэт! Абы щыгъуэ сехъуапсэрт сыкъыщыхутэну Хиль Эдуард, Трошин Владимир, Кобзон Иосиф сымэ я концертхэм. ИужькIэ абыхэм къахыхьащ Магомаев Муслим».

Тут Заур и макъ жьгъырум абы и егъэджакIуэм гу къылъитэри Налшык макъамэ училищэм щIэтIысхьэну чэнджэщ къритат. Абы щыгъуэщ ар япэу Бахъсэн къыщыдэкIар. А зэманым училищэм и унафэщIу щыта Мусэ Хьэбалэ едаIуэщ Магомаевым и уэрэдхэр зыгъэзащIэ щIалэми,«Уи дэфтэрхэр къытIэрыгъэхьэ», – зэрыжиIэу ныбжьыщIэр къэгузэвэжащ: «Сэ нотэхэр сцIыхуркъым, фортепианэри иджыпсту япэу слъагъуу аращ», – жиIэу, арщхьэкIэ егъэджакIуэр пыгуфIыкIри: «Iуэхукъым, уедгъэсэнщ», – къыпидзыжат.

«ГупсысэкIэ пхуэмыIуатэ, псэкIэ фIэкIа узылъэмыIэс, мэгъу зыхэлъ къэхъугъэм – макъамэм сэ сызэрыпыщIам насыпыфIэ сещI!» – щитхыжащ Тут Заур «Си гъащIэм и макъамэхэр» тхылъым.



## ЛъагапIэр зи плъапIэ, лъапIагъэр зи фащэ

КъБР-м, КъШР-м, Ингушетием, Осетие Ипщэм я цIыхубэ артисткэщ ***Сокъур Оля***. Утыкум екIуу уитынри, уи макъыр цIыхубэм фIыуэ ялъэгъунри мащIэщ. Уи уэрэдхэр зэдапхъуэтэн папщIэ тхьэр къызэрыпхуэупса Iэзагъэм нэмыщI, зэфIэкIрэ тегушхуэныгъэрэ пхэлъын хуейщ. Оля ахэр иIэщ. Абы и сабиигъуэри макъамэм щIэтащ: и адэм гитарэкIэ уэрэд жиIэрейт, и анэр хорым хэтыххэт, Оли школым щекIуэкI пшыхьхэр и макъ жьгъырумкIэ игъэдахэрт. ЕджапIэ нэужьым ар Налшык дэт макъамэ училищэм щеджащ, телерадиокомпанием и хорми, къафэмрэ уэрэдымкIэ щыIэ къэрал ансамблыми хэтащ. Оля игъэзащIэ уэрэдхэр жьыми-щIэми фIыуэ щIалъагъур, илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIыжами цIэрыIуагъэкIэ къыпэхъун щымыIэм хуэдэу цIыхум щIагъэлъапIэр – ар адыгэм игу къызэрипсэлъыкIырщ, сыт хуэдэ лэжьыгъэми гурэ-псэкIэ зэрыбгъэдэтырщ. Макъыр зэрапсыхь Iэмалхэр ещIэ абы икIи, гъэщIэгъуэныракъэ, псэущхьэхэм я макъхэм телъыджэу запещIыж!

Адыгэ уэрэдхэм щыщу пасэрейхэр игъэзащIэмэ нэхъ къещтэ уэрэджыIакIуэм. «Нэхъыжьхэм дзапэ уэрэд яхуэхъуауэ сабиигъуэм ди тхьэкIумэм ита уэрэдыжьхэм гуапагъэ яхэлъщ – ахэр къэгъэщIэрэщIэжын, псэщIэ яхэлъхьэн хуейщ. Нобэ яус уэрэд нэкIэпсыжэ цIыкIухэр куэд хъу щхьэкIэ, абыхэм я пIалъэр кIэщIщ – тхьэмахуэ бжыгъэщ узэрытригъэур. ЦIыхухэр аргуэру уэрэдыжьхэм яхуоплъэкIыж!» – жеIэ.

Сокъур Оля утыкум йокIу, игъэIур цIыхум дзапэ уэрэд яхуохъу, я гукъыдэжым хегъахъуэ, дунейр щIэщыгъуэ ящещI, и псэм къыIэпыкI гуапагъэр яхуегуэш!

## ХьэтIохъущокъуэ Къазий илъэси 180-рэ ирикъуащ

Адыгэм ди узэщIакIуэ, тхакIуэ, публицист, егъэджакIуэ, япэ адыгэ алыфбейр зэхэзылъхьа, тхылъхэр къытхудэзыгъэкIа **ХьэтIохъущокъуэ Къазий** и цIэр зэи фщыгъупщэ хъунукъым, цIыкIухэ.

Куба къыщалъхуащ ар, адыгэпщ унагъуэ цIэрыIуэм къыхэкIащ, Ставрополь гимназиер къиухри (1850–1858 гъгъ.) къэралым къулыкъу хуищIэу лэжьащ. Къазий тхузэридзэкIащ егъэджакIуэ цIэрыIуэхэу Ушинский К. Д., Пирогов Н. И.; тхакIуэхэу Толстой Л. Н., Герцен А. И., Лермонтов М. Ю., Чернышевский Н. Г., Добролюбов Н. А. сымэ я лэжьыгъэхэр. Адыгэ публицистикэми и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ар ящыщщ. Псэухукlэ ХьэтIохъущокъуэр хуэлэжьащ фэрэ дэрэ дызэхуэзыгъатхэ мы ди тхыбзэм!



## Ди тхакIуэфIхэу Нало Ахьмэдхъанрэ Дудар Хьэутийрэ илъэси 100 ирикъуащ!

**Нало Ахьмэдхъан** Хьэтууей къыщалъхуащ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэщ, егъэджакIуэщ, щIэныгъэлIщ, Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ иIэу хэтащ. Адыгэ уэркъ хуэдэу уардэу, зэкIужу, жьэнахуэу псалъэу, жиIэу хъуар гум пкърыхьэрэ кууэ уигъэгупсысэу, пщIэшхуэ иIэу хэкулIт ар!

**Дудар Хьэутий** Къулъкъужын къыщалъхуащ, КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, тхакIуэщ, драматургщ. Абы апхуэдизкIэ гушыIэ дахэ хэльти и тхыгъэхэр тхылъ щапIэхэм щIэзагъэртэкъым – занщIэу зэбграхт, и пьесэхэр театрым щагъэувт. ГъащIэм нэжэгужэу уIуигъаплъэу, уи мыхъумыщIагъэхэм гу лъыуигъэтэжу, уигъатхъэу апхуэдэ тхакIуэт!



*Сур. Пащты Гермэн*

## Сурэтыщ**І** Іэзэхэу Акъсырэ МуІэед – илъэс 90, Пащты Герман илъэс 80 ирикъуахэщ

**Акъсырэ МуІэед** Псыгуэнсу къыщалъхуащ. Ар сурэтыщІхэм я Дунейпсо федерацэми урысей Академиеми хэтащ, КъБР-ми я щІыхь зиІэ сурэтыщІщ. МуІэед ящыщщ сурэтыщІ ІэщІагъэм ди щІыпІэм зыщезыгъэужьахэм. Абы и сурэтхэм уатепсэлъыхь мыхъуу, плъэгъун хуейщ, – езым и хъэтІ, и плъыфэ зэхэлъхьэкІэ гъэщІэгъуэн иІэжу мы ди щІыналъэм и дахапІэр игъэлъэгъуащ, игъэлъэпІащ!

**Пащты Герман** Куба къыщалъхуащ. УФ-м и цІыхубэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ Іэзэщ, академикщ, профессорщ , Красноярск ксилографиемкІэ (пхъэм тхыпхъэ тещІэнымкІэ) еджапІэм и къызэгъэпэщакІуэ-унафэщІщ.

Пащтыр сурэтыщІ гъуазджэм и лъагапІэм нэсахэм ящыщщ. Ди тхакІуэхэм я тхылъхэу абы игъэщІэрэщІахэр и хъэтІымкІэ къоцІыху: КІыщокъуэ Алим и «Батырыбжьэ», Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Щихухэм ныбжь ядз», ПащІэ Бэчмырзэ и «Усыгъэхэр», н. къ. Герман и лэжьыгъэхэр зыми яхэгъуэщэнукъым!

## Хьэкъун Барэсбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

**Хьэкъун Барэсбий –** адыгэ еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакІуэр КъШР-м хыхьэ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ, ди университетыр диплом плъыжькІэ, аспирантурэр ехъулІэныгъэкІэ къиухри, мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат хъуащ. ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ къэхутакІуэм, тхакІуэм и закъуэ тхуилэжьар гъунэншэщ, мылъкуу щыІэм я нэхъ лъапІэщ! Хьэкъуным и «Адыгэ къэкІыгъэцІэхэр» тхылъым итщ къэкІыгъэ 1500-м я адыгэ, урыс, латин фІэщыгъэцІэхэр. Ар адыгэ этноботаникэм и лъабжьэщ. Адыгэм ди агрокультурэ лъагэм, пхъэщхьэмыщхьэ лъэпкъ щхьэхуэхэр къагъэхъуфу пасэрейр зэрыщытам теухуащ «Мылъкум ефІэкІ хъугъуэфІыгъуэр».

ТхылъитІри куэдрэ «Нурым» къыщыдогъэсэбэп. Мы дызытехьэну гъэм зы къыдэкІыгъуэ псо къэкІыгъэхэм ятеухуауэ дгъэхьэзырынущи, Хьэкъуным и фІыщІэ абы хэлъщ. Мис аращ «къэкІуэнум хуэлэжьэн» жыхуаІэр!



***Мы зи гугъу тщІа хэкулІхэм ящыщу нобэ псэужыр ПАЩТЫ ГЕРМАН и закъуэщ. Узыншэу, ехъулІэу куэдрэ тхуэпсэуну дохъуэхъу. Абы и графикэ лэжьыгъэхэмкІэ мы напэкІуэцІыр дгъэщІэрэщІащ.***

*НЭФІЭДЗ Мухьэмэд*

ЩОДЖЭН Риммэ и усэхэр

## Япэ уэс

ЦыӀэрылъхьэу уафэм
Уэсыр къолъэлъэх,
Налъэ цӀыкӀухэр лыду
КъокӀуэ тӀасхъэщӀэх.

Уэсым дыхэкӀуасэу
Джабэм дыкъожэх.
Едгъэлеймэ, мамэ
Ӏэжьэр егъэбзэх.

Къэжыхьын дрикъумэ,
УэскӀэ дыздоджэгу.
Шхын жьэрымэр къэумэ,
ЦӀыкӀухэр доуэр Ӏэгу.

Къепсмэ дыгъэр гуащӀэу,
Нуру нэр щӀесыкӀ.
Мы щӀымахуэр – гъащӀэщ!
Хъуащ ар гупымыкӀ.



## ИлъэсыщӀэ

Дадэ сэ зезгъэщхьу
СощӀыр ислъэмей.
Дадэ ищӀэр сщӀэжу –
«Ас-са!» – сыдолъей.
Сыдолъей, согуфӀэ,
Стетщи дамэ лей,
Псейми сыкъефэкӀыу
СощӀыр ислъэмей!

Зэролъэлъыр къафэр,
Дадэ къощӀэлэж.
Нанэ и пшыналъэм
Дэ дызэблегъэж.
Утыкушхуэр хуитщи,
СощӀыр ислъэмей!
Дадэ еэзшащи,
Сытогушхуэ, уей!

И гум сыпымыкӀыу
Ар утыку имыкӀ,
Сэ сыгуфӀэщауэ
Си гур зэропкӀыкӀ.
Нанэ пшынэ Ӏэпэр
Егъэджэгур, уей.
ИлъэсыщӀэр къохьэр
Псоми ди дунейщ!



## Ди нанум ещI лъабэдий!

Си нэху цIыкIу зекIуэну хуожьэ,
Хуейщ ищIыну лъабэдий,
Си нэху цIыкIу зиплъыхьу хуожьэ,
И пIэм иту ещIыр дий.

Си нэху цIыкIу, кIэрыту блыным,
МакIуэ мащIэу, мэдадий,
Си нэху цIыкIу, кIэрыкIыу блыным,
Имыч лъабэ, мыдадий.

Си нэху цIыкIу гузавэу хуожьэ,
ИмыщIыфу лъабэдий,
...Мес, тогушхуэ, дийуэ йожьэ.
Ди нанум ещI лъабэдий!



## Дыгъэм и тыгъэ

(Гущэкъу уэрэд)

Лэу-лэу, дыщэ щыгъэ,
Лэу-лэу, дыгъэ тыгъэ,
Лэу, си IэфI, си фIыгъуэ,
Лэу, си гурыфIыгъуэ!

Гущэм ущIэзупскIэу
Сэ сыбӧгъэдэсынщ,
ГущIэ ущIэзупскIэм
Уси пхуиусынщ.
Лэу-лэу, дыщэ щыгъэ,
Лэу-лэу, дыгъэ тыгъэ.
Тыншу уи гущапIэм
Ущызгъэжеинщ,
Уи пщIыхьыфIхэм IэфIу
УщезгъэпщIыхьынщ.

Iупэ цIыкIу зэтежым
СыщыгуфIыкIынщ,
НапIэ цIыкIу упIытIым
НэкIэ ба хуэсщIынщ.
Лэу-лэу, дыщэ щыгъэ,
Лэу-лэу, дыгъэ тыгъэ.
Къауц уэншэку щабэм
Уэ ухэщэтащ,
Си гущэкъу уэрэдым
УщIэжеикIащ.
Лэу-лэу, дыщэ щыгъэ,
Лэу-лэу, дыгъэ тыгъэ.



# Мыл къутахуэм вымпІу шыр цІыкІухэр тесщ

## (илъэсыщІэ Іэнэм дыхуопщафІэ)



### *Дызыхуеинухэр (зы Іыхьэм хуэзэнур):*

- щІакхъуэ гъэгъуа плІимэ цІыкІу;
- кхъуей хъурей бзыгъэ;
- зы ныбгъуэ *(перепел)* джэдыкІэ игъэвыкІа;
- ахъуэ фІыцІэ *(маслина)* купкъ зэрымылъу плІы;
- шыбжий плъыжь ІэфІым и пэр;
- зы салат тхьэмпэ;
- бдзэжьей хугу фІыцІэу *(чёрная икра)* жылэ зыбжанэ;
- тхъуцІынэ е шатэ.


1


2


3


4


5


6

### *ЗэрытщІынур:*

ЩІакхъуэ гъэгъуа плІимэ тхъуцІынэ зытетцІэлъам салат удзыфэм и тхьэмпэ тыдолъхьэ *(сур. 1)*. Абы кхъуей хъурей Іыхьэр тыдолъхьэ *(сур. 2)*.

Ныбгъуэ джэдыкІэ игъэвыкІар зэпрыууэ *(поперёк)* зэпыдоупщІ ныкъуэ-ныкъуэу *(сур. 3)*.

ПыупщІыпІэхэр егъэзыхауэ джэдыкІэ ныкъуитІыр кхъуей щІыІум тыдогъэтІысхьэ – ар тенджыз бзууитІым япкъырщ *(сур. 4)*.

Ахъуэ фІыцІэри и кІыхьыпІэмкІэ ныкъуэ-ныкъуэу зэгудогъэж *(сур. 5)*. НыкъуитІыр идобзэ, пкъым тезэгъэн хуэдэу – ахэр я дамэхэращ. Дамэхэр пкъыхэм пыдогъэувэж *(сур. 6)*.

Зы ахъуэ хъурейр зы бзуущхьэщ. Абы пэ папщІэу зы гъуанэ цІыкІу худощІри щимэ щІа шыбжий ІэфІ плъыжьыр идогъэувэж *(сур. 7)*. Нэр. Кхъуей плІимэ тІэкІум бдзэжьей хугу жылэ цІыкІуитІ тыдолъхьэ *(сур. 8)*. Щхьэхэр пкъыхэм пыдогъэувэж *(сур. 9)*.

Ахъуэм зы кусэ пIащIэ цIыкIу къыхыдогъэжри тIууэ зэпыдоупщIыж. Ар лъакъуэ цIыкIухэращ *(сур. 10)*.

Лъакъуэ цIыкIухэр пкъым пыдогъэувэж сурэтым зэритым ещхьу.

Бутербродыр хьэзырщ.




## ЦIыкIураш и псейр



**1.** Мы пкъыгъуитхур тхылъымпIэм къыхэвгъэжи ахэр къэвгъэсэбэпурэ псей жыг цIыкIу фхузэхэгъэувэмэ феплъ. Пкъыгъуэхэр дапхуэдэу фыхуейми вгъэкIэрахъуэ, зэвгъэдзэкI, ауэ зыр зым ищIыIукIэ тефлъхьэ хъунукъым.

***(Фэ езыхэм фхузэхэмыгъэувэмэ, иужь дыдэ напэкIуэцIым итщ ар зэрыщIын хуейр.)***

**2.** Мы пкъыгъуитхум зэпэхъуу (симметричнэу) фигурэ 100-м нэс къыхэкIынущ. Щапхъэхэм феплъ. Фэри нэгъуэщIхэр къыфхухэщIыкIыну пIэрэ?



Зыгъэхьэзырар ***КЪАМБОТ Марианнэщ***

# ПСЕЙР ДОГЪЭЩIЭРАЩIЭ



**Дызыхуеинухэр:**

Уэздыгъей шыкIуртIым, шухьэ щэкI *(фетр)*, лэныстэ, мастэ, Iуданэ, къэрэндащ/фломастер, шхэпс пщтыр, пхъэ щыгъэ *(щхьэр къызыхэтщIыкIынур)*, пластмасс щыгъэ *(пыIэр иридгъэщIэрэщIэну)*.

- ШыкIуртIымым шхэпскIэ пхъэ щыгъэр тегъапщIэ *(сур. 1)*.
- ЦIыху цIыкIум и нэкIур хуэгъэхьэзыр *(сур. 2)*.
- Шухьэм щимэ, пщэдэлъ, Iэлъэ, вакъэ цIыкIухэр къыхэгъэж *(сур. 3-4)*.
- Щимэр тIууэ зэтелъхьи, зэтедэ. Щыгъэ цIыкIумкIэ гъэщIэращIэ *(сур. 5)*.
- ШыкIуртIымым пщэдэлъымрэ Iэлъэхэмрэ тегъапщIэ *(сур. 6-7)*.
- Гуащэм пыIэр щхьэрытIагъэ *(сур. 8)*.
- Вакъэхэр тегъапщIэ *(сур. 9)*.

ЦIыху цIыкIум кIапсэ ищIи уэздыгъейм фIэдзэ, ухуеймэ, уи илъэсыщIэ хъуа псапIэр тхыи и пыIэм илъхьэ *(сур. 10)*.

ШыкIуртIымым гъэщIэгъуэн куэд къыхэпщIыкIыфынущ. Ахэри мы напэм къыщыдогъэлъагъуэ.

































Зыгъэхьэзырар

***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэщ***

**Жэуап**

Псей зэрашIым и зы Iэмал. НэгъуэщI еплъыкIэхэри щыIэнкIэ хъунущи фхуэщIмэ къытхуевгъэхь, гуфIапщIэ къэвлэжьынщ!







*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 12 2021 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*М. КАМБОТОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*Н. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 28.10. 2021 г.
Выход в свет 21.12. 2021 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1450 экз.
Заказ №2721
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.



Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.